


La Bib pou ti moun  
prézanté

Danyèl  
prizonnye a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay  
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Danyèl ak twa zanmi li yo t ap viv nan peyi Izrayèl. Yon jou, yon gran wa te vin nan peyi natifnatal yo a epi li te mennen tout jèn gason entelijan yo ale nan peyi li. Wa a te genyen yon non ki long anpil — Nebikadneza — epi li t ap viv nan yon peyi byen lwen yo te rele Babilòn.



Yo te trete jèn gason yo byen anpil nan peyi Babilòn.  
Wa a te chwazi pi bon jèn gason yo ak sa ki te gen  
plis edikasyon yo nan tout peyi nan mond lan. Li te  
gen plan pou l fè yo aprann lang Babilòn nan pou yo  
te ka vin sèvitè l epi ede li dirije wayòm nan.




Manje a te bon tou. Jèn gason yo te manje sa wa a t ap manje a. Men, Danyèl ak zanmi li yo pa te vle manje manje sa a paske li te konsakre pou fo dye. Danyèl te pwomèt pou li pa fè anyen kont Bondye li a. Bondye Izrayèl la te bay pèp li a lòd pou yo pa gen anyen pou yo wè ak zidòl oswa fo dye.



Danyèl te mande chèf anplwaye yo pèmisyon pou yo pa manje manje wa a. Si wa a ta dekouvri sa, li t ap fache anpil. Men, Bondye te fè Danyèl vin moun chèf la te pi renmen an.




Li te dakò pou l eseye avèk Danyèl ak zanmi l yo.  
Pandan 10 jou, yo t ap manje legim sèlman epi bwè  
dlo sèlman. Apre 10 jou, Danyèl ak zanmi li yo te pi  
anfòm pase tout jèn gason ki te manje manje wa a.  
Kidonk, Danyèl ak zanmi li yo te kapab kontinye  
manje legim ak bwè dlo.




Jèn gason sa yo te onore Bondye. Epi Bondye te onore yo. Bondye te fè yo genyen konesans ak entèlijans, epi Danyèl te gen sa jès pou li konprann vizyon yo ak rèv yo.





Après deux ans dans le palais Babilonien, il se présenta devant Nabucodonosor. Il se trouva Daniel et deux autres qui étaient les meilleurs de tous les jeunes de la cour. En vérité, on a découvert que Daniel était plus sage que tous les autres et les magiciens de son pays.




Yon lannuit, wa a te fè yon move rèv. Li te rele majisyen, divinò ak sòsyè li yo. Wa a te di : "Mwen fè yon rèv ki te boulvèse m anpil." Mesye saj yo te mande : "Se pou w viv lontan, wa nou ! Rakonte nou rèv ou a, epi n ap eksplike w li."




Wa a te reponn, "Non ! Se pou nou di m rèv mwen an ak sa li vle di. Si nou pa fè sa, m ap fè koupe nou an miyèt moso, epi m ap fè boule kay nou yo. Men, si nou rakonte m rèv mwen an epi nou eksplike m li, n ap resevwa anpil kado ak anpil lonè." Natirèlman, okenn nan mesye saj yo pa te kapab rakonte wa a rèv li a.



Mesye saj wa a yo te reponn li, "Pa gen pèsonn sou latè ki kapab fè sa w mande a. Se sèlman dye yo ki ka fè li, men yo pa rete sou latè." Wa a te vin fache anpil. Li te bay lòd, "Touye tout saj Babilòn yo !"



Lè sòlda yo te vin chache Danyèl, li te mande Aryòk, kaptenn wa a, "Poukisa wa a te bay lòd pou yo touye tout moun saj yo ?" Lè sa a Aryòk te rakonte li tout sa ki te pase a. Danyèl te al jwenn wa a. Li te mande l pou l ba li yon ti tan pou li te kapab eksplike l rèv li a.



Danyèl te ale lakay li epi li te rakonte zanmi l yo tout bagay Ananya, Mikayèl ak Azarya. Danyèl pa te konnen sa rèv la te ye ni sa li te vle di, men li te konnen ki moun ki te konnen tout bagay. Se te Bondye. Se konsa, Danyèl ak zanmi li yo te priye.





Bondye te fè Danyèl konnen rèv wa a ak siyifikasyon li. Danyèl te kòmanse chante lwanj pou Bondye ki nan syèl la : "Ann chante lwanj pou Bondye nan tout tan ! Sajès ak puisans se pou li." Danyèl te prese ale kote wa a epi li di li : "Genyen yon Bondye nan syèl la ki konn devwale sekrè yo." Li rakonte

wa a rèv li te fè a ak kisa rèv la te vle di.



Lè wa Nebikadneza te tandè rèv la ak siyifikasyon li, li te mete ajenou devan Danyèl epi li di : "Bondye w la se li ki pi gran pase lòt dye yo, mèt wa yo. Li fè konprann mistè yo, paske w te kapab devwale mwen sekrè sa a !" Apre sa, wa a te fè Danyèl vin yon gran nonm epi li te ba li anpil kado. Li te mete l gouvènè tout pwovens Babilòn nan ak chèf tout moun saj yo.



Danyèl prizonye a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Danyèl 1-2

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





31

60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

